



Avril 2021

Medicare Kouvri Vaksen COVID-19

Granmoun ki gen 65 ane ak plis ki gen kondisyon medikal kwonik grav gen plis risk pou trape maladi pi grav akòz maladi kowonaviris 2019 la (COVID-19). Li enpòtan pou pale ak doktè w oswa depatman sante lokal ou konsènan pran vaksen an pou pwoteje tèt ou ak pwòch ou yo kont COVID-19.

Ou pa peye anyen pou vaksen COVID-19 la ak administrasyon vaksen an. Lè w pran vaksen COVID-19, founisè w la pa kapab chaje w pou vizit nan biwo a oswa lòt frè si vaksen an se sèl sèvis medikal yo ba ou. Si ou resevwa lòt sèvis medikal nan menm moman ou pran vaksen COVID-19 la, ou ka dwe yon ko-peman oswa dediktib pou sèvis sa yo.

Asire ou pote kat Medicare **wouj, blan ak ble** w la pou founisè swen sante w la kapab voye bòdwo bay Medicare. W ap bezwen kat Medicare ou a, menm si ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage. Konekte sou (oswa kreye) kont sekirize ou sou Medicare.gov pou enprime yon kopi ofisyèl.

Si ou te peye pou pran yon vaksen COVID-19

Si ou te peye yon frè oswa ou resevwa yon bòdwo pou yon vaksen COVID-19, tcheke lis sa a pou wè si founisè w la te dwe chaje w:

- Verifye resi ak etadkont pwofesyonèl swen ou voye ba ou pou nenpòt erè yo.
- Rele biwo pwofesyonèl ou a pou poze kesyon sou nenpòt chaj ou panse ki pa kòrèk yo. Moun ou pale ak li a ka ede w pi byen konprann sèvis ou te jwenn yo, oswa reyalize ke yo te fè yon erè nan montan chaj la.
- Si ou gen Original Medicare, revize “Avi Rezime Medicare” ou a pou erè yo. Rapòte nenpòt bagay ki sispèk bay Medicare lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.
- Si ou gen lòt kouvèti tankou yon Plan Medicare Advantage, revize “Eksplikasyon Benefis” ou yo. Rapòte nenpòt bagay ki sispèk bay konpayi asirans ou an.

Si ou panse founisè w la te chaje w yon fason ki pa kòrèk pou vaksen COVID-19 la, mande li yon ranbousman. Si ou panse founisè w la te chaje w pou yon vizit nan biwo oswa lòt frè men sèl sèvis ou te resevwa se te yon vaksen COVID-19, rapòte yo bay Biwo Enspektè Jeneral, Depatman Sèvis Sante ak Sosyal lè w rele 1-800-HHS-TIPS oswa ale sou TIPS.HHS.GOV.

Pwoteje tèt ou kont fwod

- Kenbe enfòmasyon pèsonèl ak finansye ou yo an sekirite.
- Fè atansyon ak magouyè yo k ap mande lajan oswa nimewo Medicare ou pou ba ou vaksen COVID-19 la oswa yon plas nan yon lis datant pou vaksen.
- Ou pa ka peye pou mete non w sou yon lis pou pran vaksen.
- Ou pa ka peye pou jwenn aksè ak yon vaksen.
- Pa pataje enfòmasyon pèsonèl oswa finansye ou si yon moun rele, voye mesaj oswa imèl ba ou pou pwomèt ou aksè ak vaksen an pou yon frè.

Aprann plis sou vaksen COVID-19 la

- Pou plis enfòmasyon sou kouvèti Medicare pou vaksen COVID-19 la ak lòt sèvis ki gen rapò, ale sou [Medicare.gov/medicare-coronavirus](https://www.medicare.gov/medicare-coronavirus). Oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.
- Pou plis enfòmasyon sou pwogrè vaksen an, ale sou [CDC.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus).
- Kontakte depatman sante lokal ou a nan [CDC.gov/publichealthgateway/healthdirectories/index.html](https://www.cdc.gov/publichealthgateway/healthdirectories/index.html).

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou soumèt yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale nan [Medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html](https://www.medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.



CMS Product No. 12117-HC
(Haitian-Creole)